



PEMERINTAH DAERAH KOTA CIMAHI
DINAS PENDIDIKAN
SEKOLAH DASAR NEGERI LEUWIGAJAH 6

Jl. Cibogo RT. 02 RW. 07 Kel. Leuwigajah Kec. Cimahi Selatan Kota Cimahi
Telp. 022-6676679 E-mail. Sdnleuwigajah6@gmail.com



PENILAIAN TENGAH SEMESTER KELAS VI

BAHASA SUNDA

TAHUN PELAJARAN 2020-2021

Baca sing taliti ku hidep Pupuh di handap! (soal no 1-5)

Durma Buméla ka Lemah Cai

saréréa urang téh kudu sayaga
ngajaga lemah cai
ti nu niat jahat
nagara jadi teu aman
rayatna jadi teu tingtrim
jlwa ragana
ulah jadi karisi

masarakat sadaya ngarasa aman
lingkungan sepi paling
sauyunan pisan
ngajaga kaamanan
ningtrimkeun raga jeung batin
béla nagara
ngariksa lemah cai



Sumber: blog.ub.ac.id

(Kénging: Ano Karsana)

1. Pupuh di luhur kaasup jenis pupuh . . .
 - a. Asmarandana
 - b. Kinanti
 - c. Durma
 - d. Mijil
2. Pupuh Durma aya . . . padalisan
 - a. 5
 - b. 6
 - c. 7
 - d. 8
3. Watek Pupuh Durma nyaeta. . .
 - a. Nyaah
 - b. Sumanget
 - c. Sedih
 - d. Gumbira

4. Lemah cai dina wangun pupuh di luhur hartina
 - a. Kampung batur
 - b. Luar nagara
 - c. Budaya batur
 - d. Kampung halaman sorangan
5. Cara ngajaga lemah cai nyaeta
 - a. Bangga nganggo acuk ti luar nagara
 - b. Ngalestarikeun budaya lembur sorangan
 - c. Ngalestarikeun budaya luar nagara
 - d. Diajar tarian barat
6. Pahlawan Nasional anu boga jujuluk "Si Jalak Harupat" nyaeta
 - a. R. Otto Iskandar Dinata
 - b. Muhammad Toha
 - c. Juanda Kartawijaya
 - d. Zainal Mustafa
7. Rumasa kuring mah **kurung batok**. Harti kecap anu dicetak tebal nyaeta
 - a. loba pangalaman
 - b. hese ngaganti adat
 - c. tara indit kanu jauh tetep di lembur
 - d. migawe anu euwueh hasilna
8. Paribasa anu hartina saluyu jeung anu tadina rame kacida, ayeuna mah jempling pisan nyaeta
 - a. Ayakan tara menang kancra
 - b. Paanteur-anteur jurang
 - c. Ngabuntut bangkong
 - d. Jiga gaang katincak
9. Loba kaom ibu lalieur mikiran harga balanja anu beuki mahal.
Kalimah di luhur kecap anu make rarangken tengah **-al** nyaeta
 - a. Balanja
 - b. Mahal
 - c. Lalieur
 - d. Mikiran

Mesat ngapung luhur jauh di awang-awang

Mébéérkeun jangjangna bangun taya karingrang

Kukuna ranggoas reujeung pamatukna ngeluk

Ngapak méga bari hiberna tarik nyuruwuk

10. Teks rumpaka di luhur judul laguna nyaeta
 - a. Manuk Jawa
 - b. Manuk Elang
 - c. Manuk Japati
 - d. Manuk Dadali
11. Kecap di handap anu make rarangaken tengah **-um** nyaeta
 - a. tinulis
 - b. gumeulis
 - c. karasep
 - d. balageur
12. Bu guru nganggo pajeng ka sakola.
Kecap sangaran tina pajeng dina kalimah di luhur nyaeta
 - a. payu
 - b. payung
 - c. tuluy
 - d. Tumuwuh

13. Dina teks rumpaka lagu "Manuk Dadali" aya kalimah Hirup sauyunan tara
- pahili-hili
 - pahare-hare
 - pahiri-hiri
 - parasea

Baca sing taliti!

Lutung Jawa



Tujuh sato anu dilindungi, dipiara sacara ilegal di hiji vila di désa Gununggeulis, Sukaraja, Bogor, geus dievakuasi ku petugas Kepolisian jeung Balai Besar Konservasi Sumber Daya Alam Jawa Barat Bidang Wilayah Konservasi I. Éta sakabéh sato téh rék dileupaskeun deui ka habitat asalina. Upamana, lutung jawa rék dileupaskeun di Bandung Kidul. Owa jawa di Gunung Pangrango.

Sumber: animalabel.wordpress.com

Pamekar Diajar BASA SUNDA Pikeun Murid SD/MI Kelas VI

13

Sasatoan anu diamankeun téh salian ti lutung jawa, nyaéta maung sumatra, owa jawa, siamang, owa ungko, rusa timor, jeung tilu merak.

Éta sasatoan téh saméméh dileupaskeun ka habitat asalina rék diréhabilitasi heula di pusat transit sato nu aya di Gadag.

Nurutkeun katerangan petugas konservasi, salian ti tujuh sato nu tadi, aya deui dua sato nyaéta *rusa totol* jeung *ligér*. Tapi, dua sato kasebut teu diamankeun ku petugas, alesanana éta dua sato téh lain sato asli Indonesia. Rusa totol téh asli India, sedengkeun *ligér* teu jelas identitasna.

(Disarungsum tina, *Lutung Jawa Dilepas di Bandung*,
Pikiran Rakyat, 30 Oktober 2013)

14. Judul bacaan di luhur nyaeta
- Lutung Kasarung
 - Rusa Timor
 - Maung sumatera
 - Lutung Jawa
15. Bacaan di luhur aya sabaraha paragraf?
- 3
 - 4
 - 5
 - 6
16. Sasatoan anu teu kaasup sato anu di makeun dumasar bacaan nyaeta
- owa jawa
 - rusa timor
 - owa ungko
 - badak cula
17. Bacaan "Lutung jawa" disarungsum tina koran
- Kompas
 - Pikiran Rakyat
 - Jawa Pos
 - Republika

18. Sato rusa totol aslina ti nagara
 - a. Thailand
 - b. Indonesia
 - c. India
 - d. Malaisya
19. Adat ka kurung ku iga, hartina
 - a. Migawe anu moal aya hasilna
 - b. Loba pangalaman
 - c. Asana babarengan ahirna papisah
 - d. Adat anu hese diganti
20. Tulisan atawa karangan anu eusina ngebrehkeun lumangsungna peristiwa atawa kajadian, boh nyata, boh rekaan nyaeta
 - a. Karangan persuasi
 - b. Karangan argumentasi
 - c. Karangan narasi
 - d. Karangan eksposisi